

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil karangan imajinasi jeung prosés kreatif unggal pangarang anu ngagambarkeun kajadian atawa paristiwa sabudeureun kahirupan manusa. Sastra jeung manusa raket patalina lantaran dasarna kamekaran karya sastra kalolobaanana lahir tina pasualan jeung paristiwa nu aya tina lingkungan kahirupan manusa, Abrams (dina Nurgiyantoro, 2013: kc. 4).

Kumpulan carpon karya Cécép Burdansyah kaasup salasahiji karya sastra nu loba ngaguar ngeunaan pasualan kahirupan manusa. Buku *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah mangrupa karya sastra nu ngawengku kumpulan carpon. Ieu kumpulan carpon téh kaasup karya sastra nu dibukukeun tur diterbitkeun ku Penerbit Silantang taun 2022 nu mangrupa citakan ka-hiji. Ieu karya mangrupa hasil tina kumpulan carpon-carpon karya Cécép Burdansyah nu di hijikeun tur dijadikeun salasahiji buku antologi carpon. Umumna mah carpon-carpon karya Cécép Burdansyah anu dimuatkeun dina ieu buku téh ditulis sabudeureun dasawarsa taun 1900-an. Matak teu anéh saupama dina kaayaan caritana anu loba ngagambarkeun kaayan jaman harita. Suapama nyindekel kana fakta mah, yén Cécép Burdansyah téh kaasup pangarang anu kaitung remen dileler hadiah sastra LBSS, tangtuna réa di antara éta carpon-carponna téh anu kawilang hadé ajénna.

Saupama ditilik tina ajén sosialna, katémbong yén tina ieu kumpulan carpon beunang Cécép Burdansyah loba ngaguar ngeunaan kahirupan sosial masarakat, kritik sosial, pangajaran, budaya, tur paripolah anu ngagambarkeun aspék-aspék kajiwaan jeung kapribadian unggal palakuna, éta hal téh anu ngajadikeun carpon-carpon karya Cécép téh miboga ciri jeung karakterna sorangan. Saupama ditilik tina ajén atikanana, ieu buku kumpulan carpon téh tangtuna bisa diapresiasi tur dijadikeun bahan bacaan pikeun masarakat umum atawa ku barudak di sakola.

Salasahiji pasualan nu biasa timbul dina karya sastra nyaéta ngeunaan kapribadian unggal manusa atawa para palakuna. Palaku dina karya sastra miboga

peran nu penting pikeun kalumangsungan jalan carita. Ku sabab kitu, palaku dina karya sastra mangrupa jalma atawa tokoh anu miboga peran dina hiji karya sastra salaku unsur pangwangun nu nyampurnakeun dina jalanna carita (Kartikasari & Hartati, 2018: kc. 109).

Para palaku dina karya sastra miboga kapribadian nu béda-béda. Kapribadian unggal palaku mangrupa gambaran tina pasipatan tur paripolah para palakuna dina kahirupan caritana. Nurutkeun Santrock (dina Minderop 2018, kc. 4), kapribadian nya éta *pembawaan* anu ngawengku sajeroning pikiran, *perasaan*, jeung laku lampah nu mangrupa karakteristik salasaurang dina némbongkeun cara manéhna pikeun *adaptasi* jeung ilubiung dina kahirupan sapopoé. Salasahiji karya sastra nu loba ngagambarkeun peristiwa kapribadian manusa dina kahirupanana aya dina wangun carpon atawa carita pondok.

Nurutkeun Sudaryat (2007: kc. 146) carpon téh mangrupa carita rékaan tina paripolah manusa anu ngagambarkeun ngeunaan kahirupan masarakat atawa manusa sapopoé anu méh sarua jeung kajadian saenyana. Eusina biasana ngawengku ajén atikan jeung moral pikeun pieunteungeun sarta picontoeun keur para pamacana. Anapon nurutkeun Isnéndés (2010: kc. 29) nétélakeun yén carpon atawa carita pondok mangrupa karangan tinulis fiksi atawa rékaan nu miboga galur jeung carita nu kawilang basajan. Éta hal téh lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian, jeung ilaharna palakuna ngan ukur dua atawa tilu urang.

Pikeun nalungtik ngeunaan kapribadian jeung pangabutuh humanistik para palakuna, diperlukeun pamarekan anu luyu kana ieu panalungtikan. Salasahiji pamarekanna nyaéta psikologi sastra. Éta hal saluyu jeung pamadegan Minderop (2018: kc. 8) anu nétélakeun yén pikeun nalungtik psikologi kapribadian para palaku dibutuhkeun ulikan psikologi anu maluruh kapribadian manusa jeung fokus kana objék panalungtikan faktor-faktor nu mangaruhan paripolah manusa. Aspék-aspék kapribadian palaku jeung kabutuhan unggal palaku nu aya dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah ngirut panalungtik pikeun dijadikeun alesan dina ieu bahan panalungtikan, ku sabab kapribadian unggal palaku minangka bagian nu penting pikeun kalumangsungan jalanna carita.

Pikeun ngaguar kabutuhan manusa dina unsur humanistikna, dibutuhkeun pamarekan nu ngarojong kana karya sastra sorangan. Salasahiji pamarekan nu dipaké ku panalungtik dina ngaguar pasualan kapribadian jeung kabutuhan manusa dina kahirupan caritana nyaéta ngaliwatan ulikan psikologi sastra humanistik, atawa psikologi humanistik. Psikologi humanistik nurutkeun Koswara (dina Minderop, 2018: kc. 9) nyaéta élmu nu lahir pikeun ngagambarkeun manusa nu béda tina gambaran psikoanalisis jeung *behaviorisme* atawa paripolah manusa. Manusa di dieu, digambarkeun salaku mahluk nu bébas jeung miboga martabat sarta mindeng ngaluarkeun jeung némbongkeun poténsi nu dipiboga salila lingkunganana ngarojong.

Nurutkeun pamadegan humanistik, manusa miboga poténsi anu leuwih alus ti batan anu geus dihontalna. Éta hal saluyu jeung pamadegan Maslow (dina Minderop, 2018: kc. 279) yén sakabéh manusa miboga rasa pikeun bajoang atawa condong kana hal-hal anu dibawa ti mimiti lahir ka alam dunya pikeun ngaaktualisasikeun poténsi jeung kabutuhan dirina sorangan.

Nurutkeun Maslow (dina Minderop, 2018: kc. 280) yén kabutuhan manusa kabagi jadi sababaraha tingkatan. Dina ieu panalungtikan dibagi jadi kana lima tingkatan. Tina éta tingkatan, hiji jalma dina kahirupannana kudu ngahontal kana kabutuhan nu pang dasarna heula saacan bisa ngahontal kana kabutuhan-kabutuhan saluhureunnana. Cindekna nurutkeun ieu tiori Maslow, yén manusa bajoang pikeun ngahontal kabutuhan dasarna nepi ka kabutuhan nu pang luhurna bisa kacumponan.

Karya sastra raket patalina jeung psikologi, éta dua hal téh miboga sasaran nu ngagugulung ngeunaan pasualan manusa salaku mahluk *individu* jeung mahluk sosial (Kuntarti, spk. 2014, kc.2). Anapon nurutkeun Daiches (dina Sari 2022, kc. 95) panalungtikan psikologi sastra téh kabagi jadi tilu cabang, kahiji nyaéta ngaliwatan analisis dunya kapangarangan, kadua ngaliwatan analisis palaku atawa tokoh jeung penokohan, katilu ngaliwatan panalungtikan nu patalina jeung *citra* tinu macana. Dina ieu panalungtikan, bakal leuwih museur kana panalungtikan anu kadua, nyaéta analisis karya sastra ngaliwatan palakuna jeung kapribadiannana.

Dina ilaharna, élmu psikologi téh ngan saukur nalungtik ngeunaan kajiwaan manusa dina kahirupan nu nyata. Sok sanajan kitu, dina karya sastra ogé bisa

ditalungtik ngeunaan kahirupan ogé kajiwaan unggal palakuna séwang-séwang. Ieu pamadegan téh luyu jeung panalungtikan Nisa (2022: kc. 68) anu nyebutkeun yén pamarekan psikologi salaku élmu pangaweruh pikeun mantuan nalungtik tur ngaguar hiji pasualan nu ditilik tina paripolah kajiwaan nu karandapan ku palaku utama dina karya sastra.

Dina karya sastra atawa karya fiksi tangtuna waé kudu aya unsur-unsur anu ngawangunna. Pikeun nalungtik psikologi sastra, diperlukeun ulikan pikeun ngaguar unsur-unsur dina caritana. Salasahiji unsur anu jadi pangwangun dina karya sastra nyaéta struktur. Saupama ngaguar karya sastra, hususna carpon, tangtu moal leupas tina sturktur anu ngawangun kana éta carita. Nurutkeun Teeuw (dina Gustiani, spk. 2011: kc. 202) yén pamarekan struktural miboga tujuan pikeun ngabongkar jeung ngajéntrékeun sacara rinci sarta pikeun neuleuman kana hal-hal anu raket patalina jeung unsur-unsur dina karya sastra.

Sacara gurat badag struktur fiksi kabagi kana dua bagian, nyaéta: unsur luar (ékstrinsik) jeung unsur jero (instrinsik) (Isnendes, spk. 2018: kc. 92). Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun tiori strukturalisme Todorov. Nurutkeun Todorov (1985, kc.12), aya tilu aspék pikeun ngelompokkeun talaah karya sastra, nyaéta: 1) aspék sintaksis (galur); 2) aspék semantik (téma, tokoh, latar carita); jeung 3) aspék verbal (puseur panitén).

Dina ieu panalungtikan, panalungtik miboga tujuan pikeun ngaguar unsur-unsur anu aya dina kumpulan carpon ngaliwatan ulikan struktural. Ulikan psikologi humanistik dipaké sangkan ngarojong kana pasualan aspék kapribadian dina tingkatan kabutuhan manusa jeung faktor-faktor nu mangaruhan kana kapribadian unggal palaku utama nu aya dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah. Kahareupna ieu panalungtikan dipiharep pikeun jadi référénsi keur panalungtik séjénna sarta nambahan pangaweruh umum ngeunaan ulikan karya sastra hususna dina ngagunakeun pamarekan psikologi sastra atawa psikologi humanistik.

Sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun saacanna pikeun dijadikeun référénsi dina ieu panalungtikan di antarana aya: (1) Gita Kurnia Dewi (2019) kalayan judul: *Aspék Kapribadian Tokoh Utama Dina Kumpulan*

Carpon Jurig Paséa Jeung Nyi Karsih Karya Tini Kartini (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra); (2) Ane Ainun Nurlaela (2021) kalayan judul: Konflik Batin Tokoh Utama dina Novél Pangantén karya Dédén Abdul Aziz (Ulukan Struktural jeung Psikologi Humanistik); (3) Nadia Aulia Gunadi (2022) kalayan judul: Aspék Psikologi dina Novél Rini Karya Yoseph Iskandar (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra); (4) Imam Muhtarom, spk (2022) kalayan judul Analisis Aspek Kepribadian Tokoh Utama dalam Novel Cadl karya Triskaidekaman (Tinjauan Psikologi Sastra); (5) Vivi Sopiatsu Darajah & Dedi Koswara (2022) kalayan judul Karakteristik Tokoh Utama Perempuan Dalam Novel Kalangkang Japati Karya Aam Amilia untuk Alternatif Bahan Pembelajaran Membaca Novel Sunda di SMA (Kajian Struktural dan Psikologi Sastra).

Dumasar sababaraha panalungtikan anu geus disebutkeun di luhur, tangtuna ieu objék panalungtikan anu dipaké téh teu sarua, sok sanjan sarua papada ngagunakeun ulikan struktural jeung psikologi sastra atawa psikologi humanistik. Dina ieu panalungtikan baris nalungtik aspék kapribadian palaku dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah kalawan ngagunakeun pamarekan struktural Todorov, jeung pamarekan psikologi humanistik Maslow, sarta ngadéskripsikeun faktor-faktor nu mangaruhan kana kapribadian palaku dina éta kumpulan carpon.

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar di luhur, ku kituna ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun kalayan dijudulan “Aspék Kapribadian Palaku dina Kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah (Ulukan Struktural jeung Psikologi Humanistik)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang nu geus dipedar di luhur, aya sababaraha rumusan masalah anu baris dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah?
- 2) Kumaha aspék kapribadian palaku dumasar tiori kabutuhan manusa Abraham Maslow dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép

Burdansyah?

- 3) Faktor naon waé anu mangaruhan kana kapribadian palaku dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar rumusan masalah nu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta medar ngeunaan panalungtikan dina kumpulan carpon nu judulna *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah ngagunakeun ulikan struktural, sarta nambahan pangaweruh anyar ngeunaan ulikan karya sastra dina éta kumpulan carpon ngagunakeun pamarekan psikologi humanistik pikeun ngaguar kapribadian para palaku utamana.

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih jéntré, tujuan husus dina ieu panalungtikan kabagi jadi tilu hal saperti kieu.

- 1) Ngadéskripsikeun struktur carita dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah;
- 2) Maluruh aspék kapribadian palaku dumasar tiori kabutuhan manusa Abraham Maslow dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah;
- 3) Maluruh faktor-faktor anu mangaruhan kana kapribadian palaku dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Hasil dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat anu jelas jeung saluyu kana widang sastra. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré pangaweruh anyar ngeunaan aspék kapribadian palaku dina kumpulan carpon anu dianalisis dumasar pamarekan struktural jeung psikologi humanistik.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik, panalungtik saterusna, jeung masarakat.

1) Panalungtik

Ieu hasil panalungtikan bisa méré jawaban tina masalah anu dirumuskeun. Ieu panalungtikan ogé dipiharep jadi motivasi pikeun panalungtik sangkan jadi bahan pieunteungeun ogé picontoeun tina kapribadian unggal palaku nu aya dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.

2) Panalungtik saterusna

Pikeun panalungtik saterusna, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun sumber référénsi nu patali jeung ulikan psikologi sastra ogé psikologi humanistik dina karya sastra, hususna dina kumpulan carpon.

3) Masarakat

Ieu hasil panalungtikan dipiharep pikeun masarakat umum jeung nu maca sangkan mikanyaho ngeunaan gambaran kapribadian palaku dumasar tiori kabuthan manusa anu aya dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah tur bisa dijadikeun pangajaran ogé eunteung diri dina kahirupan nyata.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Tina segi kawijakan, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat ka para pamaca, masarakat umum jeung deui nepi ka tingkat pamaréntahan sangkan bisa jadi implikasi anu hadé keur lumangsungna kahirupan.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré tinimbangan pikeun dijadikeun bahan bacaan para pamaca, boh mahasiswa atawa masarakat umum lianna, ngeunaan aspék kapribadian palaku dina karya sastra ngagunakeun tiori psikologi humanistik Abraham Maslow anu antukna bisa dilarapkeun dina kahirupan sosial masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun jadi sababaraha bab, sakumaha nu aya dina pedaran saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi opat; mangpaat tina segi tioritis, praktis, kawijakan, jeung mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Eusina ngeunaan tiori carpon, tiori struktural, tiori psikologi humanistik, dumasar kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan jeung luyu kana objék kajian panalungtikan. Salian ti éta diguar ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Eusina ngeunaan méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nu diwincik deui jadi désain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Eusina ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data dumasar kana rumusan masalah, tujuan panalungtikan, ogé tiori-tiori nu aya dina Bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Eusina ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar patalékan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung rékoméndasi ditujukeun pikeun nu nyieun kawijakan, nu ngagunakeun éta hasil, jeung pikeun para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah anu sarua.